

Anons pou Piblik la sou Dwa Sivik

Komisyon Planifikasyon Rejyonal Massachusetts (CMRPC, ki vle di "Central Massachusetts Regional Planning Commission") ak Santral Massachusetts Metropolitan Oganizasyon Planifikasyon (CMMPO, ki vle di "Central Massachusetts Metropolitan Planning Organization") respekte Tit 6 nan Lwa sou Dwa Sivik 1964 la (Title VI of the Civil Rights Act of 1964), ki defann fè diskriminasyon kont moun poutèt ras, koulè, oswa peyi kote yon moun sòti (ansanm ak moun ki pa pale angle byen). Lwa kont diskriminasyon nan gouvènman federal ak nan Eta a defann fè diskriminasyon kont moun poutèt laj, oubyen si se gason oswa fi, oubyen kont moun andikape, ak pou lòt karakteristik pwoteje. CMRPC ak CMMPO ap fè tout sa yo kapab kont diskriminasyon nan tout aktivite yo.

Si yo moun kwè yo fè diskriminasyon kont li, moun lan mèt pote plent bay CMRPC/CMMPO nan adrès sa a:

CMRPC Title VI Coordinator

1 Mercantile Street – Suite 520

Worcester, MA 01608

Telefòn: (508) 459-3313

Adrès elektwonik: TitleVICoordinator@cmrpc.org

Plent yo mèt depoze dirèk tou nan Depatman Transpò Etazini (United States Department of Transportation) nan adrès:

U.S. Department of Transportation

Office of Civil Rights

1200 New Jersey Avenue, SE

Washington, DC 20590

Sit Entènèt: civilrights.justice.gov/

Pou plis enfòmasyon, oubyen pou mande sèvis tradiksyon, oswa aranjman rezonnab, ale nan adrès mass.gov/nondiscrimination-in-transportation-program oswa cmrpc.org/title-vi-policy

